



New York Forward Loan Fund 2

Ak yon prè ki ka rive jis nan \$150,000, biznis ou a gen yon bèl avni.

New York Forward Loan Fund 2 ki jwenn sipò Empire State Development lan, se yon pwogram ki baze sou misyon e ki baze sou relasyon w ap jwenn nenpòt kote nan eta a pa mwayen yon platfòm a distans.

Li ankouraje siksè ti biznis yo, pandan l ap konekte yo ak prè lajan k ap woule ak sèvis sipò pou biznis.

Reflechki sou posibilite pou w aplike jodi a.
NYLoanFund.com

KOLABORE AK ÒGANIZASYON BENEVÒL K AP PRETE KI NAN AVANTAJ OU.

Yo gen anpil ane eksperyans ap travay ak antreprenè ak epi ede ti biznis yo pwogrese. Siksè ak bezwen biznis ou gen enpòtans pou yo, e yo travay kòtakòt pou yo asire yo ou jwenn mwayen w bezwen pou w pwogrese.

Biznis ki kalifye yo dwe:

- Gentan ap fonksyone nan Eta Nouyòk
- 100 oswa mwens anplwaye ak mwens pas \$5 milyon antou pou revni chak ane.
- Ap fonksyone pandan omwen 1 lane anvan aplikasyon an
- Demontre yo gen kapasite pou yo remèt lajan yo prete a grasa lajan yo te gentan antre ak lajan yo prevwa antre

Moun k ap prete yo ka depanse lajan yo prete a nan:

- Ekipman
- Peye anplwaye
- Sèvis ak lwaye
- Materyèl
- Maketing ak piblisite
- Reparasyon batiman
- Ak lòt depans pou biznis la

Kantite tan pou remèt lajan an ki pa menm ak lòt kote:

- Peryòd pou remèt lajan an ki ant 36 ak 72 mwa
- Prè ki ka rive jis nan \$150,000
- Ou p ap peye okenn penalite si w remèt li anvan lè
- Pa gen montan w ap peye pou yo ba w li
- To enterè fiks pou tout peryòd pou w peye prè a

ETA NOUYÒK AP KOLABORE AK ÒGANIZASYON BENEVÒL KI PRETE LAJAN NAN KOMINOTE A: